**दिन—शनि** **दिनांक—16.03.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

निर्वाचन आयोग लोकसभा चुनाव कँ तारीखक घोषणा कऽ देलक अछि। मुख्य चुनाव आयुक्त राजीव कुमार नव दिल्लीक विज्ञान भवन मे आयोजित संवाददाता सम्मेलन मे आइ सात चरण मे चुनाव कराओल जयबाक घोषणा कयलनि। बिहारक चालीस सीट पर सात चरण मे चुनाव संपन्न कराओल जायत। पहिल चरण मे प्रदेशक चारि संसदीय क्षेत्र औरंगाबाद, गया, नवादा आ जमुई सीटक लेल उन्नैस अप्रील कऽ मतदान होयत। दोसर चरण मे छब्बीस अप्रील कऽ पाँच सीट किशनगंज, कटिहार, पूर्णिया, भागलपुर आ बांका संसदीय क्षेत्र मे चुनाव कराओल जायत। तेसर चरण मे झंझारपुर, सुपौल, अररिया, मधेपुरा आ खगड़िया संसदीय क्षेत्र मे सात मई कँ मतदान होयत। चारिम चरण मे राज्यक पाँच संसदीय क्षेत्र दरभंगा, उजियारपुर, समस्तीपुर, बेगूसराय आ मुंगेर सीटक लेल तेरह मई के मतदान होयत। पाँचम चरण मे सीतामढ़ी, मधुबनी, मुजफ्फरपुर, सारण आ हाजीपुर संसदीय सीटक लेल बीस मई कऽ भोट खसाओल जायत। छठम चरण मे राज्यक आठ संसदीय सीट वाल्मिकी नगर, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, शिवहर, वैशाली, गोपालगंज, सीवान आ महाराजगंज मे पचीस मई के मतदान होयत, जखनकि सातम आ अंतिम चरण मे एक जून कऽ राज्यक आठ संसदीय सीट नालंदा, पटना साहिब, पाटलिपुत्र, आरा, बक्सर, सासाराम, काराकांट आ जहानाबाद मे मतदान कराओल जायत।

---

मुख्य चुनाव आयुक्त राजीव कुमार जनौलनि जे एहि बेर चुनाव मे संतानवे करोड़ मतदाता मतदान मे भाग लेताह। एहि मे सैंतालीस करोड़ सँ बेसी महिला मतदाता छथि जखनकि उन्नैस करोड़ पचहत्तरि लाख युवा मतदाता सम्मिलित छथि। पहिल बेर मतदान करयबलाक संख्या करीब एक करोड़ अस्सी लाख अछि। श्री कुमार जनौलनि जे आम चुनावक लेल देशभरि मे साढ़े दस लाख मतदान केन्द्र बनाओल गेल अछि जखनकि पचपन लाख सँ बेसी ईवीएम के व्यवस्था कयल गेल अछि। ओ जनौलनि जे शांतिपूर्ण, निष्पक्ष आ स्वच्छ मतदानक लेल व्यापक व्यवस्था कयल जा रहल अछि। सभ मतदान केन्द्र पर सुरक्षा बलक तैनाती होयत आ संवेदनशील बूथ पर अर्धसैनिक बलक तैनाती कयल जायत। एकर संगहि, चुनाव प्रक्रियाक पूरा निगरानी वीडियोग्राफी, आ वेबकास्टिंग के माध्यमे कयल जायत।

———————————————————————

चुनाव आयोगक चुनाव के तारीखक घोषणाक संगहि देशभरि मे आचार संहिता लागू भऽ गेल अछि। एकर अंतर्गत कोनो तरहक नव योजनाक घोषणा, उद्‌घाटन, शिलान्यास आ आन तरहक लोक–लोभावन घोषणा सभ पर प्रतिबंध लागि जायत। प्रचार कार्य मे सरकारी गाड़ी आ आन संसाधन सभक प्रयोग सेहो नहि कयल जा सकत। अधिकारी लोकनिक ट्रांसफर–पोस्टिंग के लेल सेहो चुनाव आयोग सँ पूर्व अनुमति लेबाक होयत।

———————————————————————

नीतीश कुमार सरकारक मंत्रिमंडलक विस्तारक बाद नव मंत्री लोकनि मध्य आइ विभाग बंटवारा कऽ देल गेल अछि। काल्हि एक्कैस नव मंत्री मंत्रिमंडल मे सम्मिलित कयल गेल छलाह। भारतीय पुलिस सेवा सँ अवकाश ग्रहण करबाक बाद राजनीति मे आयल जदयूक सुनील कुमार के राज्यक नव शिक्ष मंत्री बनाओल गेल। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ पार्टीक पूर्व प्रदेश अध्यक्ष मंगल पांडेय फेर सँ स्वास्थ्य मंत्री बनाओल गेलाह। हुनका लऽग कृषि विभागक सेहो प्रभार रहत। नीतीश मिश्रा उद्योग आ पर्यटन विभागक मंत्री नियुक्त कयल गेलाह। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा आ एक सँ बेसी आन कतेको विभाग सम्हारि रहलाह मंत्री सभक विभाग सभ के नव मंत्री लोकनि के सौपल गेल अछि। सम्राट चौधरी आब वित्त आ वाणिज्य कर मंत्री रहताह जखनकि विजय कुमार सिन्हा लऽग पथ निर्माण आ खान आओर भूतत्व विभागक प्रभार रहत। ओ कला, संस्कृति आ युवा विभागक काज सेहो देखताह। पहिल बेर मंत्री बनल भाजपाक सुरेन्द्र मेहता के खेल विभाग आ संतोष कुमार सिंह के श्रम संसाधन विभाग सौपल गेल अछि। जदयूक कोटाक बेसी मंत्री सभ के पूर्व के सरकार जकाँ वैएह विभाग सौपल गेल अछि। लेसी सिंह फेर सँ खाद्य आ उपभोक्ता संरक्षण विभागक मंत्री बनाओल गेल अछि। ओतहि, मदन सहनी के समाज कल्याण विभागक जिम्मेदारी देल गेल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पूर्व जकाँ सामान्य प्रशासन, गृह निगरानी, निर्वाचन आ मंत्रिमंडल सचिवालयक प्रभार अपना लऽग रखलनि अछि। भाजपा कोटा सँ मंत्री बनल नितिन नवीन के विधि विभागक संग नगर विकास आ आवास विभागक जिम्मेदारी देल गेल अछि। भाजपाक आन सदस्य सभ मे जनक राम के अनुसूचित जाति आ अनुसूचित जनजाति विभाग, हरि सहनी के पछड़ल आ अति पछिड़ल वर्ग कल्याण विभाग आ केदार प्रसाद गुप्ता के पंचायती राज विभागक मंत्री बनाओल गेल अछि। नीरज कुमार सिंह के लोक स्वास्थ्य आ अभियंत्रण पीएचईडी विभागक जिम्मेदारी देल गेल अछि। पहिल बेर मंत्री बनल डॉक्टर दिलीप कुमार जायसवाल के राजस्व आ भूमि सुधार आ कृष्ण नन्दन पासवान के गन्ना उद्योग मंत्री बनाओल गेल अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।